Ассаламу гIалайкум, казбекалъул жамагIат!

ВЕСТНИК

# Чапар

КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 43 (93181) / 30 октябрь 2017 с. / итни 11 Сафар 1439 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




***Этот праздник единения России установлен в память о событиях 4 ноября 1612 года, когда воины народного ополчения под предводительством Кузьмы Минина и Дмитрия Пожарского штурмом взяли Китай-город, освободив Москву от польских интервентов.***

## Уважаемые жители района!

Нельзя забывать историю своего народа и предков, ведь именно она сделала нас такими, какими мы являемся. Единство духа, народа создают непобедимую силу.

Поздравляем вас с праздником- Днём народного единства! Желаем вам здоровья, счастья, мирного неба, любви к Родине и крепости самосознания.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.*
*Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ.*

## Уважаемые казбековцы!

В этот значительный для всех день-День народного единства, по-особенному ощущаешь единение с народом. В этот день хочется пожелать силы духа, единства наций, свободы, независимости, стабильности и уверенности.

С праздником вас!

*Депутат НС РД М.-п.(К.-п.) Д. УМАХАНОВ.*

## Уважаемые земляки!

Поздравляем вас с Днём народного единства. Желаем стать крепче духом, обрести новую силу, поверить в свою удачу и не жалеть сил для общего дела. Пусть страна наша процветает, пусть народ живёт счастливой и полноценной жизнью.

*Секретарь политсовета Казбековского местного отделения*
*ВПП «Единая Россия» Д.Г.МАХАЧЕВ.*
*Руководитель исполкома Казбековского отделения*
*ВПП «Единая Россия» С.Г. АЛТУМИРЗАЕВ.*

## Х1урматиял районцоял!

Цолъиялъулъ – нилъер къуват!

РакI-ракIалъ баркула нужеда халкъ цолъиялъул Къо. Гьарула нужее щулияб сахлъи, рохел, талихI, ракълилаб гIумру ва гьарулел ишазулъ бергьенлъаби.

*Харабазул Советалъул председатель М.ГI.ЧУПАЛАЕВ.*
*ЖамгIияб палатаялъул председатель ХI.А. АДИМИРЗАЕВ.*
*Рагъул ва захIматалъул ветераназул*
*Советалъул председатель Х.ГI.М-ХIАБИБОВ.*



## Х1инкъигъеч1олъи ч1езаби мурадалда



18 октябралда т1обит1араб ГО ЧСалъул комиссиялда бицен гьабуна 16 октябралда рахъарал гьураз риххизарурал минабазул т1охазул, ток гьеч1ого хут1арал росабазул ва г1азуца нух т1аде къот1араб Г1аркьухъ росдал, ай, гьеб т1абиг1ияб балагьалъул х1асилалда ккараб зарал т1аг1инабиялъе гьаризе кколел хехал тадбиразул.

Гьеб данделъиялда к1алъай гьабуна райадминистрациялда цебе г1уц1араб ГО ЧСалъул отделалъе нухмалъулев Ибрагьим Мух1амадовас, **«Казбек район»** муниципалияб г1уц1иялъул бет1ерасул заместитель Икрамудин Салимхановас, нухазул **«ДЭП-15»** участокалъул бет1ерав инженер Каримудин Х1ажиевас ва цогидалги жавабиял х1алт1ухъабаз.

Гьез гьениб бицана хадубккун т1абиг1иял балагьаздаса г1адамал ц1униялъе районалъе нухмалъулез, хасго хасалил заманалда, ч1езарун ругел шарт1азул.

## Администрациялда

24 октябралда районалъул администрациялда тIобитIана аппараталъул иргадулаб данделъи. Гьенире гIахьаллъана- **«Казбек район»** муниципалияб гIуцIиялъул бетIерасул заместителал: И.И. Шабазов, З.Н.Эмеев, И.Б. Салимханов, росабазул администрациябазул бутIрул,организациябазегун учреждениябазе нухмалъулел ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.



Данделъиялъул хал гьабиялде босун букIана, **«Казбек район»** муниципалияб гIуцIиялда цебе гIуцIараб, балугълъиялде рахинчIел гIолилазда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул ва гьезул ихтиярал цIуниялъул комиссиялъ 2017 сонил 9 моцIалда жаниб гьабураб хIалтIул хIисабкьей.

Гьеб суалалда хурхун кIалъай гьабуна комиссиялъул жавабияв секретарь М.Ю. МухIамадовас.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал рича-чвана ва гьаруна рекъон кколел хIукмаби.

***И.ИДРИСОВ.***

**Г1агараб газеталъул божарал гъудулзаби,**

# Фестиваль тIобитIана




14-22 октябралда Краснодар краялъул Сочи шагьаралда тIобитIана ТIолгодунялалъул гIолилазул ва студентазул XIX фестиваль. Россиялъул ракьалда лъабабилеб нухалъ тIобитIараб

(6-аб. фестиваль-1957соналъ,12-аб.-1985 соналъ) гьелъул букIана: **«Рекъел, цолъи,социалияб ритIухълъи чIезари мурадалда ва букIиниселъе гIоло, аралъул хIурматги гьабун,ниж къеркьолел руго империализмалде данде»,**-ян абураб лозунг ва гьенире гIахьаллъана 180 пачалихъалдаса 20 азаргоялдасаги цIикIкIараб къадар гIолилазулгун студентазул.



***Сураталда:***
***цоабилеб рядаллда кваранисa тIоцевесев -М-хI.Д.Охъмазов.***

Гьединал дандчIваяз квербакъула гIадамал цоцазда лъазариялъе,гьезда гьоркьоб гьудуллъигун вацлъи рук1инариялъе ва гьел цолъиялъе. Фестивалалда гIахьаллъана Дагъистаналъул делегацияги,амма гьелъулъе нилъер рйоналдаса гIолилал ккечIо. I985 соналъ Москваялда тIобитIараб гьединабго фестивалалда Дагъистаналъул делегациялда гьоркьов вукIана нилъер районалдаса,гьабсагIат АХУялъул (административиябгун магIишатияб Централъул) директорлъун х1алт1улев, Охъмазов МухIамадхIабиб Дадабегович.

# Ц1ияб г1арац







Декабралдаса байбихьун, **«200, 2000 гъурущ»,**-ан т1ад хъвараб кагътил г1арац х1алт1изе биччазе буго т1олабго Россиялда. 200 гъурщил кагътида рахъун руго Херсонес Таврическиялъул ва лъелъ гъанкъарал гумузе лъураб памятникалъул сурат, 2000 гъурщил кагътида- Владивостокалдаги **«Русский»** ч1инк1иллъиялдаги гьоркьосеб кьоялъул ва Амур областалда бугеб космодромалъул сурат.

# ГРАЖДАНИЯБ ОБОРОНАЯЛЪЕ - 85 СОН!




Пачалихъалъе нухмалъулезда цере чIарал аслиял масъалабазул цояблъун ккола улкаялъе ва гьелъул гIадамазе хIинкъигьечIолъи чIезаби.

Гьелъие,85 сон цебеккун, нилъер пачалихъалда гIуцIана хасаб организация - Гражданияб оборона. Киналниги рахъаздасан (гьаваялдасан, гIодосан ва гь.ц.) рачIунел балагьаздаса гIадамал цIуниялъе бихьизабураб гьеб гIуцIана 1932 соналъул 4 октябралда. Бищунго кIвар бугеб хIалбихьилъун гьелъие букIана КIудияб ВатIанияб рагъ. ГОялъул хIалтIухъабаз рагъда свинабуна 40 азарго цIа ккезабулеб бомба, 2700 цIа ва тIагIине гьабуна 3000 авария. Гьелъ рес кьуна гIемерал гIадамазул гIумру хвасар гьабизе.

1971 соналдаса ГОялъе нухмалъи гьабулеб букIана обороналъул министерствоялъ. 1987 соналдаса ГОялда цере лъурал масъалабазул сияхI цIикIкIана. Гьезде гьоркьоре росана тIабигIиял, техническиял балагьаздаса гIадамал цIуни ва балагьазул хIасилалда ккарал заралал тIагIинари.

***И. МУХIАМАДОВ,***
***районалъул администрациялъул ГО ва ЧСалъул отделалъул начальник.***

# Гуниялда – жамг1иял г1уц1абазул данделъи



18 октябралда Гуни росулъ т1обит1ана, херазул (председатель М.Г1. Чупалаев), рагъул ва зах1маталъул ветеранaзул (председатель Х.Г1.М-х1абибов) Советазул, Жамг1ияб палатаялъул (председатель Х1.А.Адимирзаев), «Цогояб Россия» партиялъул бак1алда бугеб отделениялъул (нухмалъулев С.Х1.Алтумирзаев) х1аракатчилъиялда, гьеб росдал администрациялъул, гьенир ругел г1уц1абазул, жамаг1аталъул вакилзабазул цадахъаб дандч1вай.

Гьелъул хал гьабиялде босараб **«Г1олеб г1елалъе рух1ияб тарбия кьеялъулъ жамг1иял г1уц1абазул бугеб к1вар»** абураб суалалда сверухъ гьабулеб ва гьабизе бихьизабураб х1алт1ул бицун, к1алъазе рахъана – Х1.Адимирзаев, Х.М-х1абибов, С.Алтумирзаев ва М.Чупалаев.

Т1адехун рехсараб суалалда сверухъ росулъ гьабулеб х1алт1ул бицана – херазул Советалъул председатель Х.Булачовас, жамг1иял х1аракатчаг1и: Н.Мажидовас, Ш.Ах1мадовас, Б.Дадаевас, Г1. Г1абдулаевас ва К.Садикъовас, росдал администрациялъул бет1ер И.-з. Ильясовас.

К1алъазе рахъараз т1адч1ей гьабуна г1олилаз росулъ г1адлу-низам хвезабиялъул х1ужаби дагьлъун, эбел-инсуца тарбия кьейи чучлъизе тун рук1иналда, г1олилазе х1ухьбахъизе, х1алт1изе, спорталде машгъуллъизе шарт1ал гьеч1еллъиялъул ва гь.ц. **«Гьедин бук1иналъ цо-цо г1олилал ц1ала квешаб рахъалде, гьел унел руго росу тун къват1ирехун»,** - ан абураб пикру загьирлъулеб бук1ана гьезул к1алъаязулъ.

Гьединго, гьенир рорхана росдал г1адамазе к1вар ц1ик1к1арал цогидал суалалги.

***И.ИДРИСОВ.***

# Ц1иял къаг1идаби




Ц1ияб законалда рекъон, гьаб соналъул 20 октябралдаса, ГИБДДялъул инспекторазе ихтияр кьун буго,хасал постазда гуребги,нухлул бокьараб бак1алда техника ч1езабизе. Гьезул ихтияр буго шофёрасул ва гьесда цадахъ ругезул документазул хал гьабизеги.

Гьекъон вук1иналда щаклъи ккун,шофёр медицинаялъул идарабазде вачани ва гьеб рит1ухълъич1они, инспекторасда т1адаблъун гьабун буго шофёр жиндирго техникаялде аск1ове щвезавизе.

Инспекторасе ихтияр гьеч1о шофёр х1акъир гьавизе,амма шофёргун к1алъалаго гьес хъалиян бух1изе бегьулеб буго.

Инспекторасулгун гара-ч1вари шофёрас бахъизе бегьула видеокамераялда яги телефоналда. Ц1ик1к1инабун буго, лъелго унел риччангут1иялда бан, шофёрасухъа бахъулеб г1ак1аги.Гьелъул къадар бахуна 2500 гъурщиде.

***ИНФОРМАГЕНТСТВО «САЛАТАВИЯ»***

# Предпринимательство – как фактор развития экономики района

В последние десятилетия государство уделяет большое внимание развитию малого и среднего предпринимательства.

В целях поддержки субъектов малого и среднего предпринимательства на федеральном уровне и на уровне субъектов РФ разработаны и действуют государственные программы, направленные насубсидирование части расходов предпринимателей, оказание поддержки в виде предоставления грантов и иных мер стимулирования.

Данная позиция государства обусловлена тем, что предпринимательство является одним из важнейших элементов развития экономики субъектов РФ и государства в целом.

Интенсивное развитие предпринимательской деятельности позитивно влияет не только на поступление доходов в бюджет и государственные внебюджетные фонды в виде налогов, сборов и иных обязательных платежей, но также на занятость людей, в получении доходов населением, обеспеченность товарами и услугами, установление здоровой конкуренции.

По результатам мониторинга данных из МРИ ФНС России №17 по состоянию на II полугодие 2017 г. на территории МР «Казбековскийрайон» предпринимательскую деятельность осуществляют 384 субъекта предпринимательства, из них: юридических лиц – 112, индивидуальных предпринимателей – 272, в том числе КФХ-58.

По видам экономической деятельностисубъектыМСП осуществляют свою деятельность в различных сферах занятости в следующей пропорции:

1) Сельское хозяйство - 39%;
2) Торговля -35%;
3) Промышленность -7%;
4) Транспорт- 7%;
5) Общественное питание- 4%;
6) Консалтинговые услуги- 4%;
7) Прочее - 4%, что заметно отображается в следующей диаграмме:




Развитие предпринимательства играет важнейшую роль в достижении экономического успеха, высоких темпов роста производства.

Благодаря предпринимательству в районе активно развиваются такие виды экономической деятельности, как торговля, сельское хозяйство и промышленность.

Рост промышленного производства в районе по состоянию на 1 октября 2017 г. по сравнению с аналогичным периодом 2016 г. составил 13%.

Данная позитивная динамика продолжается и в текущем году и обусловлена тем, что в с. Гуни начала полноценно функционировать фабрика по изготовлению текстильных изделий, также в районе налажена работа швейной фабрики и цехов по изготовлению металлических изделий, среднегодовой оборот которых составляет 6972 тыс. руб.

В отрасли промышленности, наряду с выше указанными, заметную позицию занимают производство строительных изделий, хлебобулочной продукции и изготовление бетона и железобетонных изделий.

Структура промышленного производства МР **«Казбековский район»** по состоянию на 1 октября 2017 г. в процентном соотношении отображена в следующей диаграмме:

**Структура промышленного производства МР «Казбековский район» по состоянию на 01.10.2017 г.**




Всего в районе насчитывается 175 торговых объектов, из них: 104 продовольственных, 64 непродовольственных и 7 универсальных.

Оборот розничной торговли по состоянию на 1 октября 2017 года составил 2447827,2 тыс. руб., что на 253014,2 тыс. руб. больше по сравнению с аналогичным периодом 2016 г.

В настоящее время в районе норматив минимальной обеспеченности населения площадью стационарных торговых объектов, установленный постановлением Правительства Республики Дагестан от 23 января 2017 г. № 12 **«Об учреждении нормативов минимальной обеспеченности населения Республики Дагестан площадью торговых объектов»,** по продовольственным товарам выполнен на 129 %, а по непродовольственным товарамлишь на 71%.

**Значения нормативов минимальной и фактической обеспеченности населения торговыми площадями на 01.10.2017 г.**

| № | Категория торговых объектов | Норматив, установленный Правительством РД | Фактическая площадь | Фактическая обеспеченность $м^2$ на 1000 чел. | % обеспеченности |
|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Продовольственный | 86,7 | 5299,4 | 112 | 129 |
| 2. | Непродовольственный | 159,7 | 5432 | 114 | 71 |

Эффективная деятельность субъектов МСП существенно влияет на увеличение налоговых и иных поступлений в бюджеты различных уровней и в государственные внебюджетные социальные фонды.

Так в текущем году по состоянию на 1 октября субъектами МСП, осуществляющими хозяйственную деятельность на территории района были уплачены налоги: ЕНВД – 1652 тыс.руб., что на 29 тыс. руб. больше, чем за аналогичный период 2016 г.; ЕСХН – 876 тыс. руб., что на 88 тыс. руб. больше, чем за аналогичный период 2016 г.Чуть больше чем за аналогичный период прошлого года в сумме 3351 тыс. руб. поступил налог по упрощенной системе. Динамику роста можно заметить по следующей диаграмме:




Руководство МР **«Казбековский район»**во взаимодействии с федеральными и республиканскими органами государственной власти оказывает поддержку субъектам малого и среднего предпринимательства, в том числе путем информирования через СМИ о федеральных и региональных мерах поддержки, оказания консультативной помощи и другим направлениям.

Основой развития страны является прочная и сильная экономика, которая прямо пропорционально связана с разветвленностью сети предпринимательской деятельности, в связи с чем руководством района этой сфере деятельности уделяется должное внимание. От успешности деятельности субъектов бизнеса зависит уровень возможностей развития социального сектора экономики, благосостояние населения и укрепление мощи государства.

Администрация района, в силу возможностей и компетенции готова поддерживать всякие позитивные инициативы и начинания в сфере реального сектора экономики и по всем интересующимся вопросам в этой области жители поселений района могут обратиться в отдел экономики и планирования Администрации МР **«Казбековский район»** лично или позвонив по телефонному номеру: **55-48-87.**

*Мадина Магомедхабибова,*
*ведущий специалист отдела экономики, планирования и по организационным вопросам администрации МР «Казбековский район».*

# *Прокуратура извещает...*

Прокуратурой района проведена проверка обеспечения доступа к информации о своей деятельности органами местного самоуправления.

По результатам проверки выявлены многочисленные нарушения требований ФЗ № 273 **«О противодействии коррупции»** и положения ФЗ № 8 **«Об обеспечении доступа к информации о деятельности государственных органов и органов местного самоуправления»** в деятельности администрации сельских поселений: **«с. Гертма», «с. Алмак», «с. Гуни», «с. Гостала», «с. Ленинаул», «с. Калининаул», «с. Буртунай», «с. Дылым», «с. Инчха», «сельсовет Хубарский», «сельсовет Артлухский» и ПГТ «п. Дубки»,** в связи с чем, 22.09. 2017 г. в Казбековский районный суд направлены 12 исков к вышеуказанным органам местного самоуправления, обязующие их разместить на официальном сайте информацию, подлежащую размещению в сети **«Интернет»,** по результатам рассмотрения которых, требования прокурора удовлетворены в полном объеме.

Кроме того, прокуратурой района в отношении глав администраций сельских поселений: **«с. Гертма», «с. Алмак», «с. Гостала», «с. Буртунай»** возбуждены дела об административном правонарушении по ч. 2 ст. 13.27 КоАП РФ, которые направлены для рассмотрения по существу в мировой суд района.

*Х.А.САЛИМОВ,*
*и. о. прокурора района, юрист 1 класса.*

# ЧТО ТАКОЕ КОРРУПЦИЯ?

*В соответствии с Федеральным законом от 25 декабря 2008 года №273-ФЗ «О противодействии коррупции».*

**КОРРУПЦИЯ - это:**

а) злоупотребление служебным положением, дача взятки, получение взятки, злоупотребление полномочиями, коммерческий подкуп либо иное незаконное использование физическим лицом своего должностного положения вопреки законным интересам общества и государства в целях получения выгоды в виде денег, ценностей, иного имущества или услуг имущественного характера, иных имущественных прав для себя или для третьих лиц либо незаконное предоставление такой выгоды указанному лицу другими физическими лицами;

б) совершение деяний, указанных в подпункте "а" настоящего пункта, от имени или в интересах юридического лица.

***УГОЛОВНЫЙ КОДЕКС РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ ПРЕСТУПЛЕНИЯ КОРРУПЦИННОЙ НАПРАВЛЕННОСТИ***

**Статья 201. Злоупотребление полномочиями**

1. Использование лицом, выполняющим управленческие функции в коммерческой или иной организации, своих полномочий вопреки законным интересам этой организации и в целях извлечения выгод и преимуществ для себя или других лиц либо нанесения вреда другим лицам, если это деяние повлекло причинение существенного вреда правам и законным интересам граждан или организаций либо охраняемым законом интересам общества или государства, - наказывается штрафом в размере до двухсот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период до восемнадцати месяцев, либо обязательными работами на срок от ста восьмидесяти до двухсот сорока часов, либо исправительными работами на срок до двух лет, либо арестом на срок до шести месяцев, либо лишением свободы на срок до четырех лет.

2. То же деяние, повлекшее тяжкие последствия, - наказывается штрафом в размере до одного миллиона рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период до пяти лет или без такового либо лишением свободы на срок до десяти лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет.

Примечания. 1. Выполняющим управленческие функции в коммерческой или иной организации, а также в некоммерческой организации, не являющейся государственным органом, органом местного самоуправления, государственным или муниципальным учреждением, в статьях настоящей главы, а также в статьях 199.2 и 304 настоящего Кодекса признается лицо, выполняющее функции единоличного исполнительного органа, члена совета директоров или иного коллегиального исполнительного органа, а также лицо, постоянно, временно либо по специальному полномочию выполняющее организационно-распорядительные или административно-хозяйственные функции в этих организациях.

2. Если деяние, предусмотренное настоящей статьей либо иными статьями настоящей главы, причинило вред интересам исключительно коммерческой организации, не являющейся государственным или муниципальным предприятием, уголовное преследование осуществляется по заявлению этой организации или с ее согласия.

3. Если деяние, предусмотренное настоящей статьей либо иными статьями настоящей главы, причинило вред интересам других организаций, а также интересам граждан, общества или государства, уголовное преследование осуществляется на общих основаниях.

**Статья 202. Злоупотребление полномочиями частными нотариусами и аудиторами**

1. Использование частным нотариусом или частным аудитором своих полномочий вопреки задачам своей деятельности и в целях извлечения выгод и преимуществ для себя или других лиц либо нанесения вреда другим лицам, если это деяние причинило существенный вред правам и законным интересам граждан или организаций либо охраняемым законом интересам общества или государства,- наказывается штрафом в размере от ста тысяч до трехсот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от одного года до двух лет, либо арестом на срок до шести месяцев, либо лишением свободы на срок до трех лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет.

2. То же деяние, совершенное в отношении заведомо несовершеннолетнего или недееспособного лица, - наказывается штрафом в размере от ста тысяч до пятисот тысяч рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от одного года до трех лет, либо арестом на срок до шести месяцев, либо лишением свободы на срок до пяти лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет.

*(Продолжение следует).*

## *ОБЪЯВЛЕНИЕ*

Доводим до сведения жителей района, что начат соцопрос по вопросам, касающихся коррупции в районе и республике.

Просим вас принять участие в опросе.

*Г.Б. ГАЙИРБИЕВ, помощник главы района.*

# Преобразовано...

В соответствии с Постановлением Правительства РД государственное унитарное предприятие «Дагтехинвентаризация» преобразовано в бюджетное учреждение РД «Дагестанское бюро по технической инвентаризации и кадастровой оценке» (ГБУ РД «Дагтехкадастр»).

При этом за ГБУ РД «Дагтехкадастр» сохранены основные цели деятельности. Согласно полномочиям, которыми наделено учреждение, будет определяться кадастровая стоимость земельных участков и объектов капитального строительства всех форм собственности, расположенных на территории РД, в том числе и для налогообложения.

Государственная кадастровая оценка проводится в соответствии с ФЗ от 03.07. 2016 г. №237 «О государственной кадастровой оценке».

Согласно требованиям налогового кодекса РФ для субъектов России установлена единая дата начала применения порядка определения налоговой базы по налогам на имущество физических лиц и организаций из кадастровой стоимости. Все субъекты РФ до 2020 года перейдут на исчисление налогов по кадастровой стоимости.

До 2020 года налог на имущество будет определяться исходя из инвентаризационной стоимости, указанной в техническом паспорте объектов капитального строительства, которые готовятся по заказу собственника.

В настоящее время филиал ГБУ РД «Дагтехкадастр» по Казбековскому району приступил к подготовительному этапу по государственной кадастровой оценке земельных участков и объектов капитального строительства для налогообложения недвижимого имущества граждан.

Подготовительный этап заключается в сборе информации, необходимой для кадастровой оценки ЗУ и ОКС в форме актов обследования и в дальнейшей обработке.

Сбор информации будет проводиться в тесном сотрудничестве с главами сельских поселений и сельских советов с дальнейшим выездом комиссий на места нахождения объектов.

Как рассчитывается налоговая база? Какие предусмотрены налоговые вычеты и льготы?

**По налогу на имущество:**

1. Налоговая база в отношении квартиры определяется как ее кадастровая стоимость, уменьшенная на величину кадастровой стоимости 20 кв. м. общей площади квартиры.

2. Налоговая база в отношении жилого дома определяется как его кадастровая стоимость, уменьшенная на величину кадастровой стоимости 50 кв. м. общей площади. (гл.32; ст.403 НК РФ).

Общая площадь квартиры и жилого дома устанавливается согласно техническому паспорту объекта.

3. К льготной категории граждан согласно гл.32; ст. 403 НК РФ относятся пенсионеры и инвалиды. Они освобождены от уплаты налога по видам объектов недвижимости.

*Информагентство «Салатавия».*

# *За удачный брак надбавки не дают!*

Недавно в интернете появились сообщения о том, что можно якобы получить надбавки к пенсии за долгое время нахождения в браке и за детей, имеющих высшее образование. Вариант «утки»: один из супругов, получающий более высокий размер пенсии, может подать заявление в Пенсионный фонд России о предоставлении единовременной выплаты за своего супруга (или супругу), получающего меньший размер пенсии, в качестве иждивенца.

Эта информация не соответствует действительности. Дополнительные выплаты по линии ПФР пенсионерам за длительный стаж в браке, за детей, имеющих высшее образование, и по аналогичным личным обстоятельствам не предусмотрены действующим социальным и пенсионным законодательством.

Необходимо проверять информацию о пенсиях, размещенную в сети интернет. Для этого лучше всего ознакомиться с информацией на официальном сайте Пенсионного фонда или позвонить в колл-центр ПФР по бесплатному телефону: **8 800 302-2-302.**

***Если ребенок получает пенсию по инвалидности с 16 лет, продолжатся ли выплаты после достижения им совершеннолетия? И повлияет ли на размер суммы устройство на работу?***



После достижения 18 лет ребенок должен пройти медицинскую экспертизу. Если по ее результатам он будет признан инвалидом с детства, то выплаты будут продолжены. Размер социальных пенсий в 2017 году устанавливается законом в виде фиксированных сумм для каждой группы инвалидности. Факт трудоустройства на величину пенсии никак не повлияет.

*Мой пенсионный фонд» (№ 09\101-2017 г.).*

# Мун алжаналъуе ахIун ятаги

*(Марижатиде)*

ТIерхьана зодихъа кьер меседил бакъ,
Бакъвана гIурдада махI берцинаб тIегь.
ТIогьол завалалда гIумру букIаго,
ГIедераб ахIиялъ ана дир гьудул.

Бахчана хьухьикье цIураб шагьри моцI,
ЦIадал къатIралъана къиматаб жавгьар.
Жаниб керен цIурал хиялалги тун,
Халатаб сапаралъ ана дир гьудул.

Асиллъи бекичIеб къаркъалаялда,
Къвалал гьечIеб горде ретIунеб буго.
Агъазда к1ет1олел ч1ег1ерал гъалал,
ХъахIаб ххамида гъорлъ жемулел руго.

Гъабул чIор гIадинаб чIурканаб лага
ЦIулал чоде тIаде бахунеб буго.
Балагьун гIорцIичIел, гьайбатал берал,
БецIаб лахIтуялъур тIупулел руго.

АхIулеб хутIараб дур хIасратаб кечI,
ЧIегIераб нухъалъун хъванкIдулеб буго.
Хъван рагIалде щвечIеб, магIнаяб сарин,
Бесдал лъимер гIадин, угьдулеб буго.

Дуца къачIан тараб хIалтIул рукъалъул
Ункъабго бокIнида магIил хIор буго.
ХIур ккезе течIого, цIунун рукIарал
ЦIорол рамкабазул зигарди буго.

Бесдалалъе къараб рачел чучич1ей,
Ч1олоний мун лъезе г1амал бук1инч1о.
Г1аламалъул ургъел бикьун босарай,
Ракьулъ мун юкъизе къаг1ида гьеч1о.

Кинабниги раг1ул маг1на гъваридай,
Дуда мусру базе ресго бук1инч1о.
Гьабулеб рекъарай къавмил меседо,
Къанабакь яхчизе чара бук1инч1о.

КигIан къеркьаниги икъбал битIичIей,
ЙитIун ккун ятаги, рухI босулелъул.
Дунялалда хIалхьи гьабизе щвечIей,
РещтIун батаги дур хIал алжаналъуб.

Мун тIаде щолелъул тIолго махлукъат
Бохун дуде данде бахъун бачIаги.
Бичасе хирияй лагъ йигин абун,
ХIурулгIинзабаца кверги босаги.

***Париза ГЕРЕЕВА***

# Мухтаридаса рази руго



**«ГIодове вичча́н, сабруялда машина бачунев, лъикIав шофер вуго нижер Мухтар»**,-ан абула хубараз ЖабрагIилов Мухтарил хIакъалъулъ. Жавабчилъи цIикIкIараб гьеб хIалтIи Мухтарица гьабулеб бугелдаса анц1го сон буго. Росдал гIадамазе ракIбацIцIадаб хъулухъ гьабулев,гьезул хIажалъаби тIуралев вукIиналъ гьез гьесул кIудияб хIурматги гьабула. Гьелъие гьев мустахIикъавги вуго.

Гьев гьавуна 1959 соналъ зах1маталъ лъадарарал колхозниказул хъизаналда. Гьезул хъизаналда букIана анцIго лъимер. Гьезие битIараб тарбия кьезе,колхозалда ва жидерго маг1ишаталда х1алт1и гьабизе гьезие, гьай-гьай, бигьа бук1ун батиларо. ГьитIинго лъугьана Мухтар зах1маталъул нухде, гьесда бихьана ва бич1ч1ана эбел-инсул захIматаб гIумру.

Росдал школаги лъугIизабун, гьев ана армиялде. ТIадвуссаравго, гьес байбихьана хIалтIизе. Лъабго соналъ кодоса биччачIо Мухтарица вехьасул тIил. Ками ккезе течIого, цIунана колхозалъ жинда божилъи гьабураб гIи-боцIи. ХIалтIана колхозалъул шоферлъун.

2008 соналдаса байбихьун, Мухтарица жиндирго **«маххул чуялда»** раччулел руго росуцоял. Гьев вуго ракI лъикIав, ритIухълъи бокьулев инсан. Гьесги гьесул гIумрудул гьудул ГIаишатицаги г1езабулеб буго анлъго лъимер. Гьезул лъабгоязул буго тIадегIанаб лъай, цогидал цIалулел руго росдал гьоркьохъеб школалда.

РакIалде ккола гьелги лъугьинин, эменго гIадин, захIмат бокьулел, росуцоязул хIажат тIубазе хIадурал, ритIухъал,намус-яхI цIунарал гIадамаллъун. Лъималаздаса чIухIизе ва рохизе бегьула Мухтарги ГIаишатги.

Квек1енал гьечIел нухалги талихIаб сапарги дуе, Мухтар!

***ХI.КАРИМОВА***

*Инсан ва г1умру*

# Буртунаялда субботник



21-22 октябралда Дилим-Буртунай шагьранухде чабах баччизе т1обит1араб субботникалда г1ахьаллъана, жалго бет1ергьанаб техникагун, **бульдозеристал:** Юнусов Темирав, Байбулатов Юсуб (Усуба), **экскаваторщикал:** Юнусов Г1алибег, Г1алисултанов Мух1амад, **шоферзаби:** Юнусов Г1иса, Салиханов Г1иса, Магьдиханов Х1асан, Г1алиев Г1узайри, Кадиров Рустам, Мух1амадов Рамазан, Х1айбулаев Мух1амад, Г1абдух1амидов Рашид, **грейдеристал:** Мух1амадов Мух1амад, Г1абасов Зайнула, **автопогрузчикал:** Къурбанов Басир, Руруев Абулмуса.

21 октябралда гьенибе баччана 800-ялде г1агарун тонна чабхил. Гьеб ккола нусго **«КАМАЗ»** машина.

Хадусеб къоялъ чабах т1ибит1изабуна **«ДЭП-15»** нухазул участокалъул грейдерист Мух1амадов Мух1амадица ва Г1аркьухъ росдал администрациялъул грейдералда х1алт1улев Г1абасов Зайнулаца.

Араб соналъ гьединабго субботникалда г1ахьаллъаразе, материалияб кумек гьабуразе гьенир кьуна **«Казбек район»** муниципалияб г1уц1иялъул бет1ерасул (Зикрула Эмеевас), росдал администрациялъул (Ах1мад Салмановас), **«Цогояб Россия»** партиялъул политсоветалъул (Саг1ит Алтумирзаевас), **«Чапар»** газеталъул редакциялъул (Мухтар Чупалаевас) рахъаздасан Х1урматалъул грамотаби, Баркалаялъул кагътал ва г1арцулал шапакъатал.

К1удияб х1урматалда гьенир рехсана, щибаб соналъ т1орит1улел субботниказе жидеца спонсорлъи гьабулел, - Г1абдулаев Мух1амадил (Матул Ама), Жамалдинов Х1ажил, Мухаев Х1адисил, Х1асанов Х1исматулал, Сурхаев Султ1анил, Булачов Х1абибил (Убайсил Х1абиб), Мух1амадов Мух1амадрасулил (Ажапалъул М-расул), Мусаев Рашидил ц1арал.

Субботник т1обит1иялъе квербакъана росдал администрациялъул бет1ер Ах1мад Салмановас, росдал жамг1ияв цевехъан Темирав Юнусовас, **«Дун – Президентасул кумекчи»** абураб г1олилазул г1уц1иялъул жигарав г1ахьалчи Г1иса Юнусовас.

***С. СУЛТАНМУХ1АМАДОВА.***

# Баркала загьир гьабун,..



Дагьал церег1ан къояз Дилим росулъа Мурадбег Г1абдулкеримовичасухъе ва лъади Сидрат Назирбеговналъухъе, гьезул вас-Г1умарпашаца хъулухъ гьабулеб №98655 рагъулаб часталъул командир А.Кушнерикица, бач1араб баркалаялъул кагъаталда хъван буго:

***Уважаемые Мурадбег Абдулкеримович и Сидрат Назирбеговна!***

***Пишет Вам командир батальона, в котором проходит службу Ваш сын Умарпаша.***

***Рядовой Хадаев Умарпаша Мурадбегович является гордостью батальона, добился высоких показателей в боевой подготовке, воспитании, со старшими уважителен, служит примером в выполнении воинского долга, по праву считается одним из лучших воинов батальона.***

***Выражаю Вам благодарность за воспитание сына - достойного защитника Отечества.***

***Уверен, что Ваш сын и впредь будет служить образцом исполнения служебных обязанностей, примером профессионализма и дисциплинированности, с честью защищать Дальневосточные рубежи нашего Отечества - ВЕЛИКОЙ РОССИИ***

***С уважением командир войсковой части 98655, подполковник А.КУШНЕРИК.***

# К 100-летию Октябрьской революции...

**У России великая история и не менее великое будущее**

***(В.В.Путин)***



25 октября центральная районная библиотека организовала дискуссионную площадку на тему: **«Эра Октября: мое видение»**. Участниками дискуссионной площадки были учащиеся 10-11-ых классов Дылымского лицея, Ленинаульской СОШ №1, Калининаульской СОШ, Гунийской гимназии.

Свое мнение об Октябре, о причинах и последствиях революции высказали: Шираев Раджаб, Гебеков Магомед, Алханов Ибрагим, Байханов Гаджимурад, Саидова Раисат (ДМЛ), Менчиева Марьям, Далгатов Рамазан, Ибиев Беслан (ЛСОШ №1), Магомедсалихова Маайзат (ГМГ), Садулаева Улай (КСОШ).

Выразили мнение о революции, ее последствиях и приглашенные гости: Даци Сайдулаев, Ибрагим Идрисов и историк ЛСОШ №1 Мархет Мажитова.

На обсуждение дискуссионной площадки, кроме основных, были вынесены темы: образ В.И.Ленина, достижения Советской власти, доктрина Даллеса против СССР, распад СССР. Каждая тема нашла свое живое и актуальное освещение в выступлениях Магомедовой Патимат (библиотекарь с.Калининаул), Алимхановой Эльмиры (ДМЛ), Магомедхайрулаевой Равзанат (Центральная районная библиотека, Мадины Хапизовой (КЦСОН).

Вниманию детей были предложены видеоклипы о революции, В.И.Ленине. Были показаны также высказывания известных политиков и общественных деятелей революции, СССР, России сегодняшнего дня. Отмечено, что статус Октябрьской революции в России сегодня приравнен к простой памятной дате. На самом деле революция 1917 года изменила весь миропорядок, отношение к классам, формам собственности, земельным ресурсам.

Историки всего мира считают революцию эпохальным событием, осмысливать которое будет не одно поколение народов всей планеты.

***Нурият САЛАТГЕРЕЕВА, гл.специалист Центральной районной библиотеки.***

*(Байбихьи 35,36,37,38, 39, 40, 41,42 номеразда)*

# Щивго к1очон гьеч1о,..

## ХIурматиял районцоял!

***«ВатIаналъул солдатал», «РакIалдещвеял» тIахьазда рехсон руго, 1938 -1945 соназ БагIараб Армиялдеги ун, гьенир ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразул цIарал.Гьезул къадар бащалъулеб буго 1600 чиясда.***

***Ахириял соназ, Калининаулалдаса ХIажимухIамад ХIажимухIамадовас, Динуч Динаевас, Гертмаялдаса МухIамад Дадаевас,Дилималдаса МухIамадапанди Дадаевас, Ленинаулалдаса Минсултан ХIажимурадовас, Буртунаялдаса Мухтар Чупалаевас архиваздасан ралагьарал баяназда рекъон, жакъа къоялде гьезул къадар 2700-ялдасаги цIик1к1унеб буго.***

***Гьединлъидал, районалъул бетIер ХIажимурад Мусаевасул хIукмуялда рекъон, гIуцIараб хасаб комиссиялъул пикру ккун буго ВатIанияб рагъда гIахьаллъаразул цIарал цIидасан газеталъул гьурмазда рахъизе ва, нужер кумекалдалъун, гьенир ругел хиса- басиялги рукIалиде ккезаризе.***

***Цересел газетазул номеразда нижеца рехсана нилъер районалъул Дилималдаса, Гъозталаялдаса, Гертмаялдаса, Гуниялдаса ва Хубаралдаса, Ичк1аялдаса, Юрт-аухалдаса(Калининаул), Ахташ-аухалдаса (Ленинаул), Ц1обокьа рагъде аразул цIарал, хадусел номеразда рехсезе руго цогидал росабалъа гьенире гIахьаллъаразул цIаралги.***

**Буртунай**

1. Абубакаров Хасай - 1916 (1919)г.
2. Абучов Салман -1904 - (1909)г.
3. Абакаров Гамзат -1906(1907)г.
4. Адиев Абдулатип Дадаевич -1910г.
5. Адиев Зайнудин -1915г.
6. Алибеков Джайрула -1909г.
7. Алиев Мухтар -1912г.
8. Алиев Исмаил -1906(1909)г.
9. Алимагомедов Расул - 1916г.
10. Алиханов Баймурза -1910г.
11. Алункачев Шамильгаджи-1920г.
12. Амирханов Газихма -1903 (1908)г.
13. Асланов Магомед - 1907г.
14. Атаев Магомед -1905г.
15. Атаев Атай -1904г.
16. Аталаев Хайбула -1906г.
17. Ахмедов Керимсултан -1918(1922)г.
18. Ахмедов Магомед - 1907г.
19. Ахмедов Магомед -1911г.
20. Бадишаев Магомед -1911г.
21. Балагаджиев Нуцал -1912г.
22. Балагаджиев Чалаби - 1922г.
23. Булатханов Байгере - 1912г.
24. Батимирзаев Амухан -1908г.
25. Батиров Хабиб -1914г.
26. Бигишиев Бигиши -1912г.
27. Биякаев Гашим -1916(1918)г.
28. Булачов Далгат -1908г.
29. Булачев Булач - 1912(1917)г.
30. Висарханов Курбанали -1915(1919)г.
31. Гаджиев Ганчилав -1900
32. Гаджимурадов Саид -1911г.
33. Гаджимурадов Лахит -1925г.
34. Газияев (Лабазанов) Арсами -1907г.
35. Газияев Хасай -1901(1906)г.
36. Гереев Гере(Абубакар) -1916г.
37. Госенов Абдурашид -1923г.
38. Госенов Иса -1914(1916)г.
39. Госенов Муслим -1910г.
40. Госенов Муса -1906(1914)г.
41. Гусейнов Абдурашид - 1908г.
42. Гусейнов Гаджи -1903г.
43. Гусейнов Муслим -1906г.
44. Давудов Расул -1918г.
45. Дадабегов Темирав -1902г.
46. Дадабегов Юнус -1902г.
47. Даматов Халикалав -1921г.
48. Далиев Госен -1909г.
49. Джаватханов Огин -1914(1919)г.
50. Джайрулаев Асадула -1921г.
51. Джайрулаев Сулайман -1918г.
52. Дибиров Билал -1910г.
53. Дибиров Насиб -1906 (1910)г.
54. Закарьяев Абубакар —1915г.
55. Закуев Абубакар —1915г.
56. Зубайриев (Чубаев) Убайд-1913г.
57. Ибрагимгаджиев Темирбулат-1921(1922)г.
58. Ибрагимов Ахмадула -1914г.
59. Ибрахалиев Ибрахали —1912г.
60. Ибрайхалиев Исуб —1922г.
61. Индуков Уламбек -1912 (1916)г.- (Ула).
62. Иразиханов Темиргере -1905 (1908)г.
63. Исаев Абдулпатах -1909 (1919)г.
64. Исмаилов Насрула (Насрудин)-1923г.
65. Исмаилов Сурхай -1908г.
66. Исмаилов Умахан - 1908г.
67. Исмаилов Умахан Дадаевич-1922г.
68. Казиев Арсанбек - 1914г.
69. Кайтукаев Саид - 1900г.
70. Картгишиев Хайбула -1906г.
71. Кумаев Алхуват —1906г.
72. Курахмаев Магомед -1916г.
73. Курахаев Муса -1910г.
74. Курбаналиев Бекбулат - 1911г.
75. Курбаналиев Гамзат - 1900г.
76. Курбаналиев Рашидахмед-1912г.
77. Курбаналиев Рашидхан -1910г.
78. Лабазанов Магомед - 1907г.
79. Магдиханов Ахмед - 1907г.
80. Магдиханов Ахмед-Халит-1912г.
81. Магдиханов Идрис -1900г.
82. Магдиханов Магомед -1906г.
83. Магомаев Мустапа -1916г.
84. Магомедалиев Басир -1916г.
85. Магомаалиев Джамалдин-1908(1909)г.
86. Магомедов Батирмирза-1907г.
87. Магомирзаев Магомирза-1914г.
88. Магомирзаев Магомирза-1907г.
89. Маталов Абубакар -1904 (1906)г.
90. Мужаитов Асадула -1923г.
91. Мусаев Абубакар - 1911г.
92. Мусаев Гарун - 1910г.
93. Мусаев Гамзат -1910 (1912)г.
94. Мусаев Магомед -1905 (1906)г.
95. Мусаев Салатгере - 1917г.
96. Мусашайихов Беки -1906г.
97. Мусашайихов Гаджи - 1905г.
98. Муслимов Валид - 1902г.
99. Муслимов Имамгази - 1907г.
100. Муслимов Магомед -1902г.
101. Нуридинов Шарапудин -1918г.
102. Нуцалов Амич -1900(1907)г.
103. Нуцалов Ганжахан - 1913г.
104. Нуцалов Залимхан -1900г.
105. Патичов Гамзат -1900(1906)г.
106. Садуев Госен -1918(1919)г.
107. Саадуев Казимбег -1922(1923)г.
108. Рурахмаев Салман -1900г.
109. Рурахмаев Сулайман -1907г.
110. Рурахмаев Юсуп -1897г.
111. Сагитов Муса -1912г.
112. Сагитов Сагит -1922г.
113. Сагитов Юсуп -1911г.
114. Савлимбеков Курбанали-
115. Салманов Анас -1900г.
116. Салманов Гаирбег -1913(1916)г.
117. Сахиев Ама -1916г.
118. Сахиев Газибег -1912г.
119. Султанмурадов Гасан -1903г.
120. Султанов Али (Дада) Алиевич-1903г.
121. Сурхаев Магомед -1901г.
122. Темичов Сабу -1910г.
123. Уладиев Сулайман -1912г.
124. Омаров Дани (Кадиев) -1910г.
125. Умаров Мансур -1016г.
126. Умаров Сайпудин -1910г.
127. Умаров Усман -1918(1920)г.
128. Умаров Чупан -1912г.

## ГIУМАРОВ МУХIАМАД КЪУРБАНГIАЛИЕВИЧ



21 октябралда гIумруялдаса ватIалъана Гlумаров МухIамад КъурбангIалиевич. М.Гlумаров гьавуна 1961 соналъ Хубар росулъ.1977 соналъ, росдал гьоркьохъеб школа лъугIун хадусан, МухIамад ана МахIачхъалаялъул росдал магIишаталъул техникумалде ва, 1981 соналъ гьебги лъугIизабун,тIадвуссана гIагараб районалде.

Гьелдаса байбихьун, М. Гlумаровас хъулухъ гьабуна гIадамазул гIи-боцIуе, кIвахIтун, хIалтIана гьезул сахлъи букIинабиялда тIад. Кидаго гIадамазе кумекалъе вахъине хIадуравлъун, кIвахI гьечIевлъун,кьучIаб рагIиялъул бетIергьанчилъун лъалаан МухIамад гьевгун дандчIваразда. М.Гlумаров хIалтIулаан жиндирго лъай борхизабиялда тIадги. Гьедин,1993 соналъ МухIамадица лъугIизабуна мугIрузулаб росдал магIишаталъул институт.

М.Къ.гI. Гlумаров даималъ хутIизе вуго нижер ракIазулъ.

***Районалъул ветеринарияб управлениялъул хIалтIухъаби.***

*Спорт-инсанасул сахлъи*

## Ф у т б о л

Искусственнияб,**«Медресе-Арена»** абураб, футбол хIаялъул площадка рагьиялъул хIурматалда ва спорталъул хIаракатчи МухIамадбег Темирбулатов ракIалде щвезавиялъул мурадалда, 22 октябралда Дилим росулъ тIоритIана футбол хIаялъул къецал.

20 команда гIахьаллъараб турнир рагьана районалъул имамзабазул Советалъул председатель Шамиль Къурбановас ва **«Казбек район»** муниципалияб гIуцIиялъул бетIерасул заместитель



Зикрула Эмеевас.

Гьез бицаралдасан бичIчIунеб букIана гьединал тадбиразул гIолеб гIелалъе тарбия кьеялъулъ бугеб кIваралъул,гьез гIадамазда гьоркьоб гьудуллъиялъегун вацлъиялъе, г1адамазул сахлъи букIинабиялъе квербакъулеб букIиналъул.

Турниралъул хIурматиял гьалбаллъун рукIана-ТIагьир Уланбеков,Муслим МахIмудов,Къурбан Ибрагьимов(шкаф) ва гь.ц. Олимпиадаялъул къагIидаялда(цо нухалъ къараб команда нахъе уна) тIоритIарал къецазул хIасилалда,финалалде ана **«Хизбала»** ва **«Илал Аман»** командаби.

ХIалуцараб хIаялдаса хадуб, бергьенлъи босана **«Хизбала»** командаялъ. Лъабабилеб бакIалде бачIана **«Цолъи»** команда. ТIадехун рехсараб площадка рагьиялъе спонсорлъи гьабуна-транспорталъулгун энергетикаялъул ва бухьеналъул министр С.-п.Д.ГIумахановас, гьесул кумекчи Ш.К. Темиргереевас, Халкъияб Собранилъул депутат М.-п.(К.-п.) Д. ГIумахановас, Н.Я.Нуцаловас, предприниматель А.Э.ГIалисултановас ва цогидалги районцояз.

Турниралда бищунго лъикI хIараллъун рикIкIана - ХI.ГIабидов, Р.Гъамиев, А.Алиукъаев, ГI.ГIузайриев, Э.МухIамадгIазизов ва ХI.-бег Султанбеков.

Призалъулал бакIал ккуразе гьенир кьуна кубокал, грамотаби ва гIарцулал сайигъатал.

***И. БУЛАТХАНОВ.***

Гумбет районалъул культураялъул хIалтIухъабаз зигара балеб буго хъизанлъималазда, гIага-божаразда, гьудул-гьалмагъзабазда

**Марижат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.

---

«НасихIат» газеталъул хIалтIухъабаз пашанлъи загьир гьабулеб буго хъизан-лъималазда ва тIолабго гIагарлъиялда

**Марижат**

гIумруялдаса ятIалъиялда бан. Аллагьас Алжан насиб гьабеги гьелъие.

*БетIерав редактор:*
*Мухтар Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*Мух1амад-Шарип Г1абдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*ХIалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов*
*Сапият Султанмух1амадова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева*
*Зайнаб Г1абдулмуслимова*
*Типографиялъул адрес:*
*Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368141*
*Индекс: 51354*
*Заказ №163 Тираж 1350*

*Газета зарегистрирована в Управлении ФСН по РД 19.05.2014 г. ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*